




SIBSTANS CHIMIK DANJERE GID POU JWENN REPONS



Sibstans chimik danjere se sibstans ki danjere. Yo kapab gen fòm solid, likid oswa gaz. Asid ak pestisid yo se egzanp sibstans chimik ki danjere. Si sibstans chimik yo degaje, yo ka lakòz moun gen tous, difikilite pou yo respire, kèplen oswa vomisman, oswa iritasyon nan nen, bouch, gòj, zye oswa po.



Deplase nan zòn kote sibstans chimik lan te degaje.

- ▶ Si sibstans chimik lan te degaje andedan lakay ou, kite bilding lan epi respire lè fre.
- ▶ Si sibstans chimik lan te degaje deyò, antre andedan.
 - ▶ Ale avèk bèt kay ou si li posib epi si pa gen danje pou fè sa.
 - ▶ PA soti nan bilding nan jouk lè ofisyèl gouvènman an ba ou enstwiksyon pou fè sa.
 - ▶ Fèmen fenèt yo, pòt deyò yo, ak lòt ouvèti yo.
 - ▶ Etenn vantilatè fenèt yo, è-kondisyone yo ak sistèm chofaj/refwadisman ki mennen lè ki soti deyò a.
- ▶ Retire soulye yo ak kouch ekstèn rad ou yo. Si ou te nan zòn kote sibstans chimik lan te degaje, mete rad ou ak soulye ou nan sache oswa resipyan ki kapab fèmen. Pa itilize yo ankò. Minisipalite Vil la ap bay enstwiksyon sou fason pou elimine yo.
- ▶ Sonje kèk sibstans chimik ka pi nuizib si yo melanje avèk dlo. Ofisyèl yo ap bay enstwiksyon sou fason pou netwaye tèt ou ak bèt kay ou.

GID JENERAL

- ▶ Chèche jwenn enfòmasyon sou sante nan sous ou fè konfyans (nyc.gov, cdc.gov ak 311).
- ▶ Enskri pou Notify NYC pou jwenn enfòmasyon sou evènman ijans yo.
- ▶ Si oumenm oswa nenpòt moun ou konnen panse li akable oswa bezwen èd pou siviv, ale sou sitwèb lifenet.nyc pou jwenn èd gratis nan lang natifnatal ou.
- ▶ Nan yon ijans, toujou rele 911.



Toujou chèche enfòmasyon.

- ▶ Koute radyo, gade televizyon, itilize òdinatè oswa aparèy mobil pou jwenn enfòmasyon ofisyèl yo ap bay sou fason pou rete pwoteje.




Chèche jwenn èd medikal si ou gen sentòm yo.

- ▶ Rele Sant Kontwòl Pwazon (Poison Control Center) Vil New York nan nimewo 212-POISONS (212-764-7667) oswa Sant Anti-Pwazon Kapital Nasyonal (National Capital Poison Center) nan nimewo 800-222-1222 si ou te ekspoze nan yon sibstans chimik danjere epitou si ou gen nenpòt nan sentòm ki endike anwo a.



HAZARDOUS CHEMICALS RESPONSE GUIDE



Hazardous chemicals are dangerous substances. They can be in solid, liquid or gas form. Acids and pesticides are examples of hazardous chemicals. If released, hazardous chemicals may cause coughing, difficulty breathing, nausea or vomiting, or irritation of the nose, mouth, throat, eyes or skin.



Move away from the area where the chemical was released.

- ▶ If the hazardous chemical was released indoors, leave the building and get to fresh air.
- ▶ If the hazardous chemical was released outdoors, get inside.
 - ▶ Take pets with you if it is possible and safe to do so.
 - ▶ Do NOT leave the building until instructed to do so by government officials.
 - ▶ Shut windows, outside doors and other openings.
 - ▶ Turn off window fans, air conditioners and heating/cooling systems that bring in air from outside.
- ▶ Remove shoes and outer layers of clothing. If you were in the area where the chemical was released, put clothes and shoes in sealable bags or containers. Do not reuse. The City will provide instructions on disposal.
- ▶ Note that some chemicals may be more harmful if mixed with water. Officials will provide instructions about how to clean yourself and pets.

GENERAL GUIDELINES

- ▶ Get health information from credible sources (nyc.gov, cdc.gov and 311).
- ▶ Sign up for Notify NYC for information about emergency events.
- ▶ If you or anyone you know feels overwhelmed or needs help coping, visit lifenet.nyc for free help in your language.
- ▶ In an emergency, always call 911.



Stay informed.

- ▶ Use radios, televisions, computers or mobile devices for information from officials about how to stay safe.



Get medical help if you have symptoms.

- ▶ Call the New York City Poison Control Center at 212-POISONS (212-764-7667) or the National Capital Poison Center at 800-222-1222 if you have been exposed to a hazardous chemical and you experience any of the symptoms listed above.